



BONIS PÈMANAN MWA MAS LA –Aporte familiar permanente

Li bay enfòmasyon sou bonis ki peye chak ane nan mwa mas la pou fanmi ki pi pòv yo.

◦ Kisa "bonis pemanan mwa mas" la ye?

Li se yon kontribisyon yo fè ak lajan pou fanmi ki gen revni pi ba yo, yo peye l chak ane nan mwa mas la. Li fè pati sistèm pwoteksyon sosyal la.

◦ Ki moun ki ka resevwa bonis la?

- 1.- Benefisyè sibvansyon fanmi yo, oswa benefisyè sipò sosyal Leta yo
- 2.-Benefisyè fanm ki ansent e ki p ap travay
- 3.- Moun oswa fanmi ki, depi nan 31 desanm nan ane anvan an, yo se itilizatè nan sistèm sa "Seguridades y Oportunidades " yo resevwa yon bonis pou chak fanmi.
- 4.- Fanmi ki ap patisipe nan sistèm "Chile Solidario"

Fanmi yo konsidere nan pwen 3 ak 4 la ap resevwa bonis yo si yo pa konsidere yo nan pwen 1 ak 2. Chak benefisyè ap gen selman yon sel bonis menmsi li ta yon benefisyè nan diferan pansyon oubyen nan diferan travay. Chak moun ap resevwa selman yon bonis. Si gen plizyè benefisyè, se manman an ki ta dwe priorize .

◦ Ki kantite bonis la ye?

Bonis la apeprè \$ 45,000 peso pou chak chaj oswa pou chak fanmi, jan sa aplikab. Bonis la pa reprezante salè. Yo pa kapab mete taks sou li, ni fè rabè .

◦ Ki moun ki peye bonis la?

Se « Instituto de Previsión Social » ki peye bonis la chak mwa mas.

◦ Konbyen tan mwen gen devan m pou m al touche bonis la?

Delè a se 9 mwa.

◦ Kilè mwen ka reklame bonis mwen si m pa ta resevwa nan lè pou m ta resevwa l ?

Se yon ane (Si w pa resevwa l w ap pèdi l)

◦ Kouman pou mwen konnen si bonis la koresponn avè m ?

Ou ka jwenn enfòmasyon sou sit entènèt « Ministerio de Desarrollo Social »:

www.ministeriodedesarrollosocial.gob.cl

Enfòmasyon ki nan dokiman sa a se yon materyèl referans pou fè w konprann lwa yo. Men, se pa lalwa, ni se pa yon agiman jiridik legal ke yon avoka kapab itilize.